li ñuy njëkk a àtte ci diggante nit ñi ëllëg bis-pénc mooy dereet

Jële na ñu ci Abdallah Ibnu Mashuut mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na : «li ñuy njëkk a àtte ci diggante nit ñi ëllëg bis-pénc mooy dereet ».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne li ñuy njëkk a àtte ci diggante nit ñi ëllëg bis-pénc ci tooñ gi ñenn ñi di tooñ ñeneen ñi : mooy dereet, niki ray, ak gaañe.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/2962

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee